

27 septanm

Moun k ap mache dwat pa vle wè moun k ap bay manti. Pwovèb 13. 5

Pa kite m lage kò m nan bay manti. Sòm 119. 29

Men, ou vle pou yon moun sensè nan tout sa l ap fè. Sòm 51. 6

Wi nou dwe wi

Jak 5. 12

Ann imajine yon monn kote pa genyen manti. Ala kontra-diksyon ki genyen ak sa ke n ap viv nan relasyon chak jou nou yo ! Men, èske nou ta dwe etone ? Bib la di nou ke se Satan k ap dirije monn sa, “papa manti” (Jan 8. 44). Balanse debò, ipokrizi, ti manti, mwatye verite : sa yo ede nou regle san pwoblèm anpil sitiasyon ki te ka mete de pye nou nan yon grenn soulye oubyen menm fè nou wont...

Ann veye, pwazon manti sa antre si fasil nan panse nou, apresan nan pawòl nou yo ! Bondye rayi “lang k ap bay manti” ak “fo temwen k ap bay manti” (Pwovèb 6. 17, 19). Bondye li nan panse nou, e kretyen dwe rayi tout fòm manti. Apot Pòl ekri : “Se pou nou debarase kò nou ak manti, se pou nou chak di laverite lè n ap pale ak pwochen nou” (Efezyen 4. 25). “Piga nou youn ap bay lòt manti” (Kolosyen 3. 9). Se grasak lafwa ak lanmou pou Bondye ke yon kretyen dwe angaje l san yo pa fòse l nan chemen laverite epi debarase nou ak manti.

Eske sa konn rive ke nou tonbe nan pwèn sa ki si enpòtan pou Senyè a ? Bondye vle ke nou kite limyè li klere nou, pou mete toutouni sa ke nou ye, pou mennen nou di : “Sonde m, O Bondye ! Wè tou sa ki nan kè m !... Gade wè si m sou yon move chemen. Mennen m sou chemen ki la pou tout tan an” (Sòm 139. 23, 24). Sila ki kapab delivre nou anba manti a, se Jezi Kris. Li se laverite (Jan 14. 6).

27 septembre

Le juste hait la parole mensongère. Proverbes 13. 5
Éloigne de moi la voie du mensonge. Psaume 119. 29
Voici, tu veux la vérité dans l'homme intérieur.
Psaume 51. 6

Que votre oui soit oui

Jacques 5. 12

Imaginez-vous un monde où le mensonge n'existe plus. Quel contraste avec ce que nous vivons dans toutes nos relations chaque jour ! Mais faut-il s'en étonner ? La Bible nous dit que le monde est mené par Satan, "le père du mensonge" (Jean 8. 44). Manque de droiture, hypocrisie, petits mensonges, demi-vérités : c'est si commode pour régler dans l'immédiat bien des situations qui nous mettraient dans l'embarras, ou même nous feraient honte...

Prenons garde, ce poison de la fausseté s'infiltre si facilement dans nos pensées, puis nos paroles ! Dieu a en horreur "la langue fausse" et "le faux témoin qui profère des mensonges" (Proverbes 6. 17, 19). Dieu lit dans nos pensées, et le chrétien devrait haïr toute forme de fausseté. L'apôtre Paul écrivait : "Ayant renoncé au mensonge, parlez la vérité chacun à son prochain" (Éphésiens 4. 25). "Ne mentez pas l'un à l'autre" (Colossiens 3. 9). C'est par la foi et par amour pour Dieu qu'un chrétien s'engage délibérément dans le chemin de la vérité et renonce au mensonge.

Nous est-il arrivé de faillir sur ce point si important pour le Seigneur ? Dieu désire que nous laissions sa lumière nous éclairer, mettre à nu ce que nous sommes, pour nous amener à dire : "Sonde-moi, ô Dieu ! et connais mon cœur... Et regarde s'il y a en moi quelque voie de chagrin, et conduis-moi dans la voie éternelle" (Psaume 139. 23, 24). Celui qui peut nous délivrer du mensonge, c'est Jésus Christ. Il est la vérité (Jean 14. 6).